



# METE SANTE W AN PREMYE: TIMOUN

Jwenn sèvis prevantif ki bon pou ou yo! Pwofite sèvis sa yo ak lòt sèvis ankò ki disponib gratis pou ou nan kad anpil kouvèti medikal.



Tès depistaj tansyon



Tès depistaj devlopman ak tès depistaj Otis



Tès depistaj depresyon



Mezire wotè ak pwa



Tès depistaj devlopman



Tès depistaj plon pou timoun ki a risk yo



Konsèy ak tès depistaj obezite



Evalyasyon risk pou sante bouch ak dan yo, ansanm ak siplemman fliyori pou kèk timoun



Tès depistaj pou vizyon

**VAKSEN POU IMINIZASYON:** Difteri, Tetanòs, Koklich, Emofilis enfliyenza tip B; Epatit A; Epatit B; VPH; Polyoviris inaktif; Grip (Vaksen pou Grip); Lawoujòl, Malmouton, Ribeyòl; Menengokòk; Nemokòk; Wotaviris; Varisèl (Saranpyon)



**KONSÈY SOU PRI:** Yo kouvri pifò sèvis prevantif yo gratis. Men, si ou resewva sèvis anplis, yo ka voye bil yo pou ou. Mande biwo founisè w la oswa plan ou ladan l lan pou yo ba w esplikasyon sou nenpòt frè a.

Pou w ka jwenn resous anplis ak yon lis sèvis prevantif yo kouvri gratis nan pifò plan sante yo konplè, tanpri ale sou sit ki vin apre a [go.cms.gov/c2c](https://go.cms.gov/c2c).

